# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## Улыўма орта билим бериўдиң Миллий оқыў бағдарламаларының дәслепки жойбарын тастыйықлаў ҳәм тәжирийбе сынаўдан өткериў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 2-марттағы ПҚ-5953-санлы Қарары менен тастыйықланған "2017-2021-жылларда Өзбекстан Республикасын раўажландырыўдың бес әҳмийетли бағдары бойынша Ҳәрекетлер стратегиясы "Илим, мәрипат ҳәм санлы эканомиканы раўажландырыў жылын"да әмелге асырыўға байланыслы мәмлекетлик Бағдарлама"ның 159-бәнти, "Өзбекстанның жаңа раўажланыў дәўиринде тәлим-тәрбия ҳәм илим-пән тараўларын раўажландырыў ис-иләжлары ҳаққында" 2020-жыл 6-ноябрьдеги ПП-6108-санлы Пәрманы, "Тәлим-тәрбия системасын жәнe де раўажландырыўға байланыслы қосымша ис-илажлар ҳаққында" 2020-жыл 6-ноябрьдеги ПҚ-4884-санлы қарарында белгиленген ўазыйпалардың орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 9-декабрьдеги "Улыўма орта билим бериўдиң Миллий оқыў бағдарламаларының дәслепки жойбарын тастыйықлаў ҳәм тәжирийбе сынаўдан өткериў ҳаққында"ғы 298-санлы буйрығы орынлаў ушын басшылыққа алынсын.
2. Жоқарыдағы буйрық пенен:

Улыўма орта билимлендириўдиң Миллий оқыў бағдарламасының (кейинги орынларда Миллий оқыў бағдарламасы деп жүритиледи) жаратылыўы басланғанлығын ҳәм бүгинги күнге шекем дәслепки жойбары ислеп шығылғанлы;

Миллий оқыў бағдарламасының дәслепки (ўақытынша) жойбары 1-қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы ҳәм де усы жойбар сабақлық, муғаллим китабы, муғаллим (шынығыў) дәптери ҳәм сабақлықлардың мультимедиалы қосымшасын жаратыў ушын тийкар етип белгиленгенлиги;

Миллий оқыў бағдарламасының таяныш оқыў режеси 2-қосымшаға муўапық;

Миллий оқыў бағдарламасын тәжрийбе-сынаўдан өткериў тәртиби (кейинги орынларда тәжрийбе-сынаў тәртиби деп жүритиледи) 3-қосымшаға муўапық;

Таяныш улыўма орта билим бериў мектеплери дизими (кейинги орынларда таяныш мектеплер деп жүритиледи) 4-қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы;

Миллий оқыў бағдарламасы төмендеги дәўирде тәжирийбе-сынаў өткерилетуғынлығы:

I басқыш: 1-2-класларда 2020-2021-оқыў жылының 4-шерегинде;

II басқыш: 3-7-класларда 2021-2022-оқыў жылында;

III баскыш: 8-11-класларда 2022-2023-оқыў жылында өткерилетуғынлығы;

Өзбекстан Республикасы Президентиниң "Тәлим-тәрбия системасын жәнe де раўажландырыўға байланыслы қосымша ис-илажлар ҳаққында"ғы 2020-жыл 6-ноябрдеги ПҚ-4884-санлы қарарына муўапық усы тәжирийбе-сынаў жумысларына Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң Республикалық билимлендириў орайы басшылық етиўи мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Республика оқыў методикалық орайы (Қ.Жубанов)ға;

Миллий оқыў бағдарламасы усы буйрықта белгиленген мүддетте тәжирийбе-сынаў жумысларын алып барыў;

2021-жыл 1-мартқа шекем аймақларда тәжирийбе-сынаў жумысларына жуўапкер ксперимeнтор оқытыўшылар, илимий басшылар ҳәм методистлер қурамын белгилеў ҳәм де оларға тәжирийбе-сынаў дәўиринде үзликсиз илимий-методик жәрдемлер берип барылыўын жолға қойыў;

2021-жыл 20-мартқа шекем таяныш тәжирийбе-сынаў мектеплерин Миллий оқыў бағдарламаларына сай оқыў-методик материаллар менен тәмийинлеў, сондай-ақ усы оқыў-методикалық материалларды https:// kk.online.metodika.ROMO рәсмий телеграм каналына жайластырыў;

тәжирийбе-сынаў жумысларына жуўапкер эксперимeнтор муғаллимлер, илимий басшылар ҳәм методистлер ушын оқыў-семинарлар өткериў;

Миллий оқыў бағдарламасын әмелиятқа басқышпа-басқыш нәтийжели енгизиў мақсетинде муғаллимлердиң қәнигелигин асырыўдың мақсетли оқыў курс режеси, бағдарламасы ҳәм оқыў-методикалық материалларын ислеп шығыў;

мақсетли оқыў курсларын шөлкемлестириў ушын тренерлер қурамын шөлкемлестириў ҳәм таярлаў, усы бағдарламаға жетекши миллий экспертлерды бириктириў ўазыйпасы жүклетилсин.

4. Барлық қала ҳәм районлық халық билимлендириў бөлими баслықларына:

жергиликли ҳәкимликлер менен биргеликте тәжирийбе-сынаў жумыслары ушын таңлап алынған таяныш мектеплерди үзликсиз интернет тармағы менен тәмийинлеў;

Миллий оқыў бағдарламасының тәжирийбе-сынаў ҳәм тәжирийбеде ен жайдырыў бойынша тийисли жумысларды Методикалық хызмет бөлимлерине жүклеў;

аймақларда тәжирийбе-сынаў жумысына жуўапкер етип белгиленетуғын экспериментатор муғаллимлер, илимий басшылар ҳәм методистлердиң сапалы хызмет көрсетиўи ушын қолайлы шараятлар жаратыў ҳәм де олар тәрепинен тәжирийбе-сынаў тәртибинде белгиленген ўазыйпалардың әмелге асырылыўын тәмийинлеў;

Миллий оқыў бағдарламасын ен жайдырыў ушын шөлкемлестирилген мақсетли оқыўлар ушын тренерлер қурамына жоқары категориялы пән муғаллимлери, методистлерди усыныс етиў;

мақсетли оқыў курсына тийисли пән муғаллимлери ҳәм методистлердиң толық ҳәм өз ўақтында қатнасып барыўын тәмийинлеў ҳәм қадағалаў;

мақсетли оқыў курслары қатнасыўшыларына оқыў материалларын толық жеткерилиўин тәмийинлеў;

тәжирийбе-сынаў қатнасыўшыларын материаллық ҳәм руўхый жақтан қоллап қуўатлаў шараларын көриў;

тәжирийбе-сынаў жумысларын кең жәмийетшилик арасында ен жайдырыў ғалаба хабар қуралларында ҳәм социаллық тармақларда сәўлелендирип барыў;

тәжирийбе-сынаў жумысларын сыпатлы шөлкемлестириўин қадағалаў ҳәм тәжирийбе-сынаў жуўмақлары бойынша тийисли тәртипте Республикалық оқыў методикалық орайына мағлыўмат берип барыў ўазыйпасы жүклетилсин.

5. Министрликтиң Баспасөз хызмети (Т.Дәўлетмуратов) тәжирийбе-сынаў жумысларын ғалаба хабар қуралларында кеңнен ен жайдырыў ҳәм министирликтиң рәсмий сайтына жайластырыў тәмийинленсин.

6. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары А.Худайбергеновқа тапсырылсын.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл 15 -январь
14 -санлы